



5 Premye Bagay pou Konnen sou Vòt Antisipe An Pèsòn

Men repons pou senk kesyon ki kouran sou vòt antisipe an pèsòn pou Eleksyon Jeneral lan:

1. KISA KI VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

Opsyon sa a pèmèt tout elektè ki rejistre yo depoze bilten yo **an pèsòn, lè yo itilize yon machin pou vote, pandan yon peryòd nèf jou ki tonbe avan Jou Eleksyon an.** Ou kapab chwazi pou vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè pa ou.

2. KI KOTE MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VÒT ANTISIPE AN?

- Kelkeswa kote ou viv nan konte an, ou kapab vote bilten spesifik pa ou nan nenpòt nan sit ki deziyen pou eleksyon antisipe an pèsòn nan konte **pa ou.**
- Jwenn sit ki nan konte ou an nan adrès **VOTE.NJ.GOV.**

3. KI LÈ MWEN KAPAB JWENN AKSÈ NAN VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

- Lokal kote pou vòt antisipe yo pral ouvri **samdi 28 oktòb, jiska dimanch 5 novanm.**
- Lè ouvèti yo pral **lendi-samdi, 10:00 a.m. - 8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m. - 6:00 p.m.**
Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

4. KISA KI KAPAB RIVE SI MWEN TE TOUJOU VOTE NAN LAPÒST, MEN KOUNYÈ AN MWEN PITO VOTE AVAN DAT, AN PÈSÒN?

- Si ou rejistre pou vote nan lapòst nan Eleksyon Jeneral 2023 lan, ou kapab depoze bilten ou pandan vòt antisipe an pèsòn lan **oubyen** nan jou eleksyon an avèk yon **bilten pwovizwa** yo pral ba ou nan sit vòt antisipe ou oubyen nan biwo vòt ou. Jwenn plis enfòmasyon sou bilten pwovizwa yo nan sit **VOTE.NJ.GOV.**

5. ÈSKE MWEN KAPAB TOUJOU CHWAZI PAMI LÒT OPSYON POU VOTE?

Wi. Olye de sa, ou kapab chwazi pou ou:

- **Vote an pèsòn** nan biwo vòt ou, a pati de 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m. **nan Jou Eleksyon an, 7 novanm.**
Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo. Ale sou sit **VOTE.NJ.GOV** pou jwenn biwo vòt ou, ki nan yon list sou paj lokal biwo vòt yo, ann anglè Polling Locations.
- Oubyen, fè aplikasyon pou yon **biltèn pou vote-nan-lapòst** epi retounen li nan youn nan fason sa yo...
 - 1... *Nan Lapòst:* Se pou kachè sou anvlòp lan montre ou ekspedye li pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 7 novanm epi se pou Komisyon Elektoral konte ou resevwa li pou pi ta nan dat 13 novanm.
 - 2... *Bwat Depo Bilten Sekirize:* Depoze li nan youn nan bwat depo bilten sekirize konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 7 novanm. Ou kapab jwenn lokal bwat depo yo nan sit **VOTE.NJ.GOV.**
 - 3... *Biwo Komisyon Elektoral:* Depoze li an pèsòn nan Komisyon Elektoral konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 7 novanm. Enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Elektoral Konte yo disponib nan sit **VOTE.NJ.GOV.**

NÒT: Bilten pou Vote-nan-lapòst yo PA KAPAB depoze nan sit vòt antisipe ni nan biwo vòt yo.



Gouvènè Phil Murphy
Sekretè Deta Tahesha Way

1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
Vote.NJ.Gov

